



## Demann pou Transfè Founisè Preparasyon pou Lekòl

Anvan li chanje founisè gadri, paran an dwe soumèt yon demann sou kont pòtay pou fanmi li an.

Si paran/responsab legal la pa ka konekte sou kont pòtay la, paran/responsab legal la ka voye fòm nan ranpli bay Depatman Sèvis Fanmi an nan imèl [srtransfers@elcbroward.org](mailto:srtransfers@elcbroward.org) oswa pote fòm ranpli a bay biwo SR ki anba a pou yo travay sou li.

**Tanpri sonje:** Yon paran pa ka transfere pitit li nan yon lòt pwogram preparasyon pou lekòl toutotan paran an poko soumèt dokiman nan men pwogram preparasyon pou lekòl pitit li ye nan moman an bay kowalisyon ansèyman bonè a ki di paran an te satisfè obligasyon li pou peye kontribisyon pwogram preparasyon pou lekòl la. Satisfè obligasyon li pou peye kontribisyon li vle di peye kontribisyon li tousuit oswa etabli yon plan repeman pou kontribisyon li gen obligasyon pou peye a. Kowalisyon an dwe apwouve tout transfè.

**Tanpri ranpli fòm demann sa a pou yo travay sou li. Demann sa a dwe vini ak dokiman nan men founisè gadri ou gen kounye a. L AP PRAN JISKA 7 JOU OUVRAB POU TRAVAY SOU DEMANN NAN.**

Eske Demann pou Transfè Founisè Preparasyon pou Lekòl se pou soti nan yon lòt konte pou vini nan konte Broward? (ANTOURE YOUN)	WI	NON
---	----	-----

<b>Pou Paran/Responsab Legal la ranpli</b>		
Non Paran/Responsab Legal la	Adrès Imèl	Nimewo Telefòn
Adrès	Vil	Kòd Postal
Non timoun y ap transfere a (yo)	Dat Nesans	
Eske timoun nan/yo ale nan VPK tou?	(ANTOURE YOUN)	WI NON

Non Nouvo Gadri a	Nimewo Telefòn	
Adrès	Vil	Kòd Postal
Adrès Imèl	Nimewo Faks	Dat Transfè w ap Mande a

**Mwen te mande pou yo transfere pitit mwen kay founisè non li sou fòm sa a. Mwen konprann mwen oblije peye tout kontribisyon pou paran mwen an bay founisè mwen gen kounye a pou m ka transfere. Si mwen pa peye kontribisyon obligatwa a, sa ka lakòz yo koupe finansman Preparasyon pou Lekòl la.**

**Siyati Paran/Responsab Legal la \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_**